



Pou Piblikasyon Imedya: 11/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN KA KE OU TE RATE LI: ATIK OPINYON GOUVÈNÈ HOCHUL NAN USA
TODAY NETWORK: TENNESSEE MERITE AKSYON LEJISLATIF - PA ATAK SOU
DEMOKRASI**

Jodi a, USA Today Network te pibliye yon atik opinyon Gouvènè Kathy Hochul sou enpòtans lwa sou Sinyal Alam yo (Red Flag laws) pou anpeche vyolans ak zam apre fiziyad trajik yo nan Nashville ak Louisville. Tèks atik opinyon an disponib anba a epi ou kapab wè li sou entènèt [isit la](#).

Sèn trajik ki te dewoule mwa pase a nan Covenant School nan Nashville te twò familye - paran ki pè yo, pwofesè yo ak timoun yo ki kole youn ak lòt, ak premye sekouris yo ki vrèman ewoyik k ap kouri pou pote sekou.

Sa ki te yon fwa inimajinab nan peyi nou an deja vin pwodui souvan yon fason terib: deja gen 130 fiziyad an mas nan Etazini jiska prezan pou ane sa a, dapre Achiv pou Vyolans ak Zam lan.

Men, gen yon bagay nouvo ki te rive apre fiziyad Nashville la: yo te mete deyò de jèn lejislatè Nwa eta nan Chanm Reprèzantan Tennessee a. Yo te oze defann, ak demontre atravè manifestasyon pasifik, lwa sekirite kont zam ki gen bon sans. Yo t ap fè eko santiman etidyan ki te pwoteste epi ki te soti nan salklas yo, swiv tras etidyan kouraje Marjory Stoneman Douglas High School yo, ki te vin lidè nasyonal apre fiziyad nan lekòl Florida pa yo a.

Aksyon anti-demokratik lejislati a pa sèlman defye nòm pou kò eli nou yo, yo defye tou volonte pèp la - lwa sekirite kont zam yo sipòte non sèlman pa yon majorite Ameriken men tou pa pi fò abitan nan Tennessee yo.

Nan yon sondaj resan nan tout eta a ki soti nan Vanderbilt Center for Health Policy, 70.5% nan moun ki repond yo te di yo kwè lekòl yo ta pi an sekirite si yo ta dwe tcheke antesedan pou tout vant zam. Epi plis pase 63% paran yo te di ke lekòl yo ta pi an sekirite si fanmi yo ak fòs lvd la ta ka limite tanporèman aksè yon moun ak zam afe.

Se egzakteman sa nou te fè nan New York, apre 10 moun te pèdi lavi yo nan yon fiziyad an mas ki motive rasyalman nan vil mwen an, Buffalo, prèske yon ane pase. Mwen te ale imedyatman nan travay ak lejislati eta nou an epi mwens pase yon mwa

apre atak la nan Buffalo, nou te adopte yon pake lwa enpòtan pou ranfòse lwa eta sou zam epi pwoteje Nouyòkè yo. Pake sa a te enkli entèdiksyon vant zam semi-otomatik bay nenpòt moun ki poko gen 21 ane, ak ranfòse lwa ki egziste deja nou yo sou zam, ki gen ladan lwa sou Sinyal Alam yo, pou anpeche trajedi alavni.

Fason sou Sinyal Alam yo ka fè yon diferans

Lwa sou Sinyal Alam yo pèmèt tribinal yo bay òdonans pwoteksyon pou risk ekstrèm pou retire zam nan moun ki ka yon danje pou tèt yo oswa pou lòt moun, epi ete pase a nou te rann li pi fò toujou. Kounye a, fòs lòd la, ansanm ak pwofesè yo, administratè lekòl yo, manm fanmi yo, ak yon pakèt pwofesyonèl sante yo ka leve yon drapo wouj ak petisyon pou yon ERPO, si yo gen enkyetid ke gen yon moun ki nan kriz. Gen yon seri pwoteksyon estrik pou pwopriyete zam legal yo, ki gen ladan yon odyans jidisyè ak dwa pou jwenn yon avoka.

Yon pousantaj estrawòdinè ki se 56% nan moun ki komèt fiziyad an mas montre konpòtman boulvèsan oswa fè menas espesifik anvan yo komèt yon atak. Se sa ki te pase nan Nashville: tirè a te konnen pwoblèm sante mantal epi li te resevwa tretman. Men, yo te toujou kapab legalman achte yon asenal zam ki ka touye moun.

Si Tennessee te gen yon lwa sou Sinyal Alam ki an plas, yon senp soumisyon pa paran oswa zanmi tirè a te kapab anpeche trajedi. Epi nan atak lendi a nan Louisville, lè swadizan moun ki ame a te voye mesaj tèks sou entansyon li a bay plizyè zanmi epi li te kite yon nòt pou paran li, yon òdonan pou pwoteksyon ijans te ka sove anpil lavi. Nan New York sa rive prèske 8,000 fwa jiskaprezan — depi lè nou te ranfòse lwa a, nou te travay pou asire Nouyòkè yo konnen kapasite yo pou yo sèvi ak li, epi aplikasyon lalwa sou Sinyal Alam lan te miltipliye pa sis.

Lwa a ap travay — yo te soumèt plis pase 78% nan ERPO nan New York apre nou te ranfòse lwa sou Sinyal Alam nou yo ak elaji kiyès ki elijib pou fè yon petisyon pou òdonan pwoteksyon ane pase. Nou te fè patenarya tou ak Everytown for Gun Safety pou fè sesyon fòmasyon sou Sinyal Alam nou yo, ki gen ladan enstriksyon sou fason pou depoze yon òdonan pwoteksyon pou anpeche yon moun ki ka yon danje jwenn aksè ak zam afe.

Malgre gwo prèv ki montre sou Sinyal Alam yo ede sove lavi, 31 eta, tankou Tennessee, toujou pa ko adopte yo. Sa bezwen chanje. An fevriye ane sa a, Prezidan Joe Biden te bay 231 milyon dola pou eta yo aplike pwojè entèvansyon kont kriz tankou lwa sou Sinyal Alam yo. Sa a se yon bon kòmansman; men eta yo bezwen entèveni an absans yon lwa sou Sinyal Alam Inasyonal an.

Lejislatè Eta yo nan Tennessee ak atravè nasyon an ta dwe konnen gen yon korelasyon dirèk ant lwa bon sans sou zam ak lavi ki sove. Prèv la klè — eta ki gen lwa ki pi sevè sou zam yo gen pi ba to lanmò ak zam. Selon CDC a, New York gen yon to lanmò ak zam ki se 5.3 pou chak 100,000 moun — ki se senkyèm to ki pi ba nan peyi a. To pa Tennessee a kat fwa pi wo.

Epi finalman, antanke premye gouvènè New York ki se yon manman tou, kè m fè m mal pou m konnen vyolans ak zam ki ka evite kounye a se kòz prensipal lanmò pou timoun ak adolesan nan Etazini, yon ogmantasyon estrawòdinè 50% ant 2019 ak 2021, dapre yon nouvo analiz Pew Research Center.

Olye pou yo mete lejislatè yo deyò ki ap goumen pou sove lavi timoun yo, granmoun yo bezwen grandi epi travay an kolaborasyon nan lejislati Tennessee a pou pwoteje timoun sa yo.

Li lè pou sispann san k ap koule nan Tennessee ak nan tout nasyon an.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)